The Shona Herald

Mharidzo Yokuuya Kwake

No. 7 Mwari wakazodza...Jesu Kristu...noMweya Mutsvene nesimba uye...akapota nenyika achiita zvakanaka achiporesa vose vakange vari pasi pesimba raDhiabhori... – Mabasa 10:38 2012

ISHE, TIPEI MISODZI PATINONYENGETERA!

NaWesley L. Duewel

"Avo vanodyara nemisodzi vachakohwa nenziyo dzomufaro. Uyo anobuda achichema, akatakura mbeu yokudyara, achadzoka nenziyo dzomufaro, akatakura zvisote" (Pisarema 126:5-6).

Misodzi yakakosha pauso hwaMwari, (zvikuru sei) kana iri misodzi yeshuviro, inodeurwa mumunamato, kana yemufaro wokurumbidza Mwari neminyengetero inenge yadavirwa. Mwanakomana waMwari anoziva kwazvo zvazvinoreva kuchema paminamato. Vhesi pfupisa muBhaibheri, *"Jesu akachema"* (Johane 11:35), haingotauri bedzi zvakawanda pamusoro perudo netsitsi dzaJesu; inotsanangurawo ukama hwemisodzi muminyengetero yaJesu. Uyo anochema nesu anochemerawosu, apo anorwa nemweya yerima mudangamo (*Pamazuva oupenyu hwaJesu panyika, akauya kuna iye akange achigona kumurwira parufu neminyengetero nemikumbiro, achichema nokuchema kukuru nemisodzi uye akanzika nokuda kwokutya kwake Mwari.*)

Haufaniri kumbonyara nemisodzi yaunodeurira muminyengetero nemikumbiro. Nedzimwe nzira misodzi inoratidza udzamu hwoukama hwako neavo vauri kunyengeterera; shuviro yaunayo muminyengetero yako, uye sechiratidzo chokunyengetera kwako muMweya Mutsvene anonyengetera kubudikidza newe. Misodzi inowedzera chinzvimbo chakavanzika chesimba rako.

Kuchema kwakadai kunowanzoitika chete kana uri wega naMwari. Nguva zhinji, minyengetero yedu tiri toga ine simba (pamweya) kupfuura yatinopa paruzhinji. Misodzi, ndeyako wega, zvekuti unokwanisa kuchema zviri nyore uye wakasununguka, apo Mwari voga vari vanenge chapupu chako. Asiwo, zvinoita kuva nemweya unochema,(wakaputsika) kanapo pasina misodzi inoerera pamatama ako. Mwari vanotarira mwoyo womunhu kupfuura zvose (1 Samere 16:7).

Misodzi, yakakosha zvikuru semanzwi aunoburitsa. Asika, Mwari vanoona nokuziva izvo uri iwe pachako (2 Sam 7:20). Mwari vanoziva zvishuwo zvako zvakavanzika kutopfuura matauriro aungazviita iwe. Pose paunenge uchibatana nevamwe muminyengetero, tsvaga dzamisiso yokuchema kwako kwapamoyo kuna Mwari. Usashingairira kuonekwa misodzi zvekunze. Uhu hungava hunyengeri. Tambira misodzi sokuipihwa kwako neMweya Mutsvene, uchishingairira kuti unzwe necho mukati-kati memwoyo wako udzamu hwezvinenge zvichinzwikwa neMweya.

KANA YAVE NGUVA YOKUCHEMA

Nedzimwe nguva Mwari vanotidanira kuchema (Muparidzi 3:4). Iyi idanidziro yake kukunzwira vamwe, kukuteurira vamwe muminyengetero. Panguva dzakadai zvakakosha kuti muminamato yedu tishandise vari rokuti "isu" kwete minamato ina vana "ivo". Tinofanira kumira navano tsvaga, kwete kuva tonga kana kuva tsoropodza. Pane kuti unyengetere uchiti "Ishe varegererei kutonhora kwavo pamweya" unofanira kunamata sezvizvi, "Ishe,tiregererei kutonhora kwedu seSangano. Tibatsirei kuti tive nerudo, tinyengetere zvakawedzerwa, mutibatsire kuti tikuparidzei zvine simba matinogara."

Nezvikonzero zvakati-kuti, ini ndinoona sokuti munguva yatiri kurarama inodanira kukuchema:

Tinofanira kuchema nokuti vanhu vokanganwa Mwari. Ndudzi dzose dzakanganwa Mwari (Pisarema 9:17). Havadi kudzoredzera mirangariro yaMwari (VaRoma 1:28). Vanozvidza pfuma younyora hwaMwari (VaRoma 2:4). Nokuda kwoukukutu hwemwoyo yavo vava kuzviunganidzira kutsamwa pazuva rokutsamwa kwaMwari (VaRoma 2:5). Tinofanira kuchemera nyika yedu tichiti "Ishe, regererai kurasika kwerudzi rwokwedu."

Tinofanira kuchema nokuti chivi chiri kuwedzera! Vakaipa navanonyengera varikunyanyisa kuipa, vachinyengera nokunyengera (2 Timoti 3:13). Zvivi zvakanyorwa mubhuku yaTimoti yechipiri 3:1-5 tave kuiona: Kuda kuzvifadza nezvenyika kupfuura Mwari, kuzvida, kuda mari, kuzvirumbidza nozvikudza, kutuka, kusangateereri vabereki, kusangatenda uye kusava noutsvene; havasisina rudo, kusaregerera, kuchera vamwe, kusazvidzora, usinye, kusada zvinhu zvakanaka, kuva namanyawi, kuva nemufananidzo bedzi wokunamata Mwari asi vachiramba simba racho.

Zvose izvi kusanganisira zvivi zvinonyangadza zvepabonde, ubhinya nekuone zvisina kufanira pamifananidzo, zvaomesa minzwandega yedu. Unhubu huri kungukwira. Ugandanga, utsinye zvavo panhanho inoshamisa. Hondo dzave kutyisa, uye runyararo rurikutitsvedzera takatarira. Munhu ave pachinhanho chokuzviuraya. Tingarega nei kuchema tichit: "Ishe ivai netsitsi nerudzi rwekwedu runotadza kudai!"

(Inoenderera Mberi Papeji 2)

(Kubva Papeji 1)

Tinofanira kuchema nokuti Kereke haisisina upenyu nesimba! Hongu tinotenda Mwari nevatendi vanozvipira vari munyika dzakasiyana-siyana, uye nezvavari kuita kubudikidza navo. Asika nyika haichatyi Kereke yavatsvene nokuti hatichaunzi kubwinya kwaMwari sezvatinofanira.

Tinezviratidzo zvekuve vapenyu, asi nguva zhinji pamweya takafa (Zvakazarurwa 3:1). Hatina simba rinofainira kupupura kunyika nezvoumwari hwedu pamweya (2 Timoti 3:3-4). Nguva zhinji upenyu hwedu pamweya hunofanana nehweKereke yapa Laodicea; hationi kuti tine nhamo, tinonzwise urombo,uye tiri mapofu pamweya uye kuti hatina kusimira (Zvakazarurwa 3:17).

MaKereke mashoma sei nhasi ari kuonekera nemutsurudzo; kushumira mweya, agozara nenhengo zhinji, uye dzinobatika muushumiri. Tinofanira kuzvichemera paxchedu tichiti: "Ishe timutsiridzei zvakare!"

Tinofanira kuchema nokuti isu sevanhu vaMwari tavata pamweya. *"Itai izvi muchinzwisisa nguva ino. Nguva yasvika zvino yokuti mpepuke kubva muhope, nokuti ruponiso rwedu rwava pedyo zvino kupfuura zuva ratakatanga kutenda. Usiku hwave kutipfuura; kwave kutoedza.."* (VaRoma 13:11). Zvinonyadzisa zvikuru tiri kuvata pandima (Zvirevo 10:5). Tarasikirwa nenyota yokupupurira vanhu nokushumira seKereke yanezuro. Tinorwadzikana zvikuru nezvivi, asi tisingarwadzikani nevatendi vasina kumbogara vaparidzira Kristu; vaKristu vasingakwanisi kana kunyengetera; vaKristu vane minyengetero yokungozvifunga ivo, uye vasina nguva yokuchemera nyika. Kupupura kukuru kwave pano nhasi, asika isu tirikungorarama zviya zvokuti 'zvakanaka zvakadaro'; tiri kutamba muKereke yaMwari tigotora ushumiri senhambetambe. Dai Mwari vatichemedza, ticheme tichiti: "Ishe, ndimutsei ini, mundipfutidzere ini neKereke yangu nguva dzose!"

Tinofanira kuchema nokuti kuuya kwaKristu kwava pedyo uye basa redu harisati rapera! Pane zvose zvinononGedzerwa nemaGwaro kuti zvichaitika Ishe vasati vadzoka, pane chimwe chisiri kuwanikwa zvakanaka, *"Uye Ivhangeri iri roumambo richaparidzwa munyika yose souchapupu kumarudzi ose, ipapo kuguma kuchasvika"* (Matthew 24:14). Chijana chakapihwa naKristu kuva dzidzi vake, sevamiriri veKereke yenguva yose kuparidzira nyika yose. Kutaura kuno, chikamu chimwe chete muzvina havasati vatombonzwa nezveZita raJesu. Chimwe chikamu chavo havatombozivi zvazvinoreva kutambira Jesu saIshe naMuponisi wavo. Manamba ose aya haangatipfutidziri kuti tiite basa, asika tinofanira kurangarira kuti zvose izvi zvinoreva vanhu vachafa vasina upenyu husingaperi zvichidz kuDenga kana kuGehena.

Makore apfuura, pandakange ndiciparidza munyika yeIndia, ini nevadzidzi vangu takatore chinguva tichiparidza Ivhangeri. Taigara nokupedze chinguvana panzvimbo imwe chete kuti tinyatsoparidza nokudzidzisa vanhu

Humwe usiku tichiparidza pane imwe ungano, ndakaverenga Ruka chitsauko chepiri. Pandakange ndotanga kutaura, rimwe jena murebvu raive rigere rakandimisa richiti, 'Ko pave nenguva yakadii kubvira pakazvarwa Mwakanakomana waMwari?" Ndakamuudza kuti pave namakore potse zviuru zviviri. Akandinongedzera munwe wokundipomera mhosva. "Munoti imi maizviziva zvose kwamakore zviuru zviviri! Ndiani aive akavige Bhuku iri yose iyi?"

Dai waivewe waimupindura uchiti kudii? Dai vaive mukoma wako, waimuudza kuti chii chakaite kuti asave nenguva yokuponeswa. Mwari vachagamuchira minduro inotii yokuti hauna kuchema muminyengetero yako? Chimiro chenyika yedu chinofanira kuti chemedza muminyengetero. Nguva yandinokoshesa zvikuru muupenyu hwangu ndeiyo maivangu vaichemera kutendeutswa kwevazhinji vasina kumbobvira vanzwa Ivhengeri zuva nezuva. "Ishe tepei misodzi nhasi patinonyengetera!"

AVO VANOCHEMA

Jobho anopupura (kukuchema kwake) achiti: *"Ko handina kuchema avo vaitambura here? Ko mweya wanguy hauna kuva neshungu pamusoro pevarombo here"* (Jobho 30:25). Mozisi nevamwe vana vaIsraeri vaichema pamusoro pezvivi zvavanhu (Numeri 25:6). Davidha anopupurawo nezvokuchema nokuzvinyime kudya kwake pamusoro pevanhu vaMwari (Isaiah 16:9). Mwari vanoudza mambo Josiah vachiti: *"Nokuti mwoyo wako wakange uri munyoro uye ukazvininipisa pamberi paJehovha pawakanzwa zvandakataura pamusoro penzvimbo ino navanhu vayo, kuti vachatukwa uye kuti vachaitwa dongo, uye wakabvarura nguwo dzako ukachema pamberi pangu, ndakunzwa. ndizvo zvinotaura Jehovha"*(2 Madzimambo 22:19).

Ezira paakanga achinyengetera nokureurura, nokuchema achizviwisira pasi pamberi peimba yaMwari, ungano huru huru yavarume ,vakadzi nevana vavaIsraeri yakaungana paari. Naivowo vakachema zvikuru kwazvo (Ezira 10:1). Nehemiah (anoti) *"pandakanzwa zvinhu izvi ndakagara pasi ndikachema [achichera Jerusarema]. Ndakaita mazuva ndichichema nokunyengetera uye ndichichema pamberi paMwari wokudenga"* (Nehemiah 1:4).

Jeremiah aizivikanwa somuporofita wokuungudza nokuda kwemitwaro muminamato yaaive nayo pavanhu vake. *"Sezvo*

Mharidzo Yokuuya Kwake rinotsikiswa kamwe pamwedzi miviruye riopihwa kuna an naani anenge arikumbira neveGospel Revivals Inc., P.O. Box 279, Seelyville, IN 47878.

Mupepeti: Godfrey Ndiriwenyu

Kero yo muZimbabwe: 1257 Emganwini, P.O. Nkulumane, Bulawayo. E-meiri: mharidzo4Him@yahoo.com. Runhare 091929673.

Nhengo dzeAdvisory Committee: Fortune Mate, Inock Siziba, Mishek Joseph, Promise naStella Nyathi, Maxwell Matewe, naWisdom Tshuma

vanhu vapwanyiwa, neniwo ndapwanyiwa, ndiri kuchema....Haiwa, dai musoro wangu waiva chitubu chemvura, uye meso angu riri tsime remisodzi! Ndingadai ndaichema masikati nousiku" (Jeremia 8:21; 9:1). *"Asi kana musingateereri ndichachema pakavanda nokuda kwokuzvikudza kwenyu; Meso angu achachema zvikuru, achiyerera misodzi nokuti boka ramakwai raJehovha richaendeswa kuutapwa"* (13:17). *"Meso angu ngayerereremisodzi usiku namasikati asingaregi; nokuti mhandara mwanasikana wangu, vanhu vangu varwadziwa nevanga rakaipa, iko kurohwa kukuru"* (14:17). *"Meso angu aneta nokuchema, ndiri kurwadziwa mukati mangu, mwoyo wangu wadururirwa pasi nokuti vanhu vaparadzwa nokuti vana navacheche voziya munzira dzomuguta"* (Kuungudza 2:11). *"Hova dzemisodzi dzinoyerera kubva mumaziso angu, nokuti vanhu vangu vaparadzwa. Meso angu acharamba achierera misodzi, pasina zvinoyamura, kusvikira Jehovha aringira pasi kubva kudenga akaona. Zvandinoona zvinochemaedza mweya wangu..."* (3:48-51).

Pauro, mupositori mukuru muumushumiri, aiziviakanwawo zvikuru noushumiri hwokuungudza, *"Nokuti ndinokunyorerai ndino kusuwa kukuru, nokurwadziwa mumwoyo uye nemisodzi mizhinji, kwete kuti ndikuchemedzei asi kuti ndikuzivisei nezveudzamu hworudo rwangu kwamuri"* (2Korinde 2:4). *"Imi munoziva kuti ndakagara nemi sei panguva yose yandaiva nemi, kubvira pazuva rokutanga randakasvika munyika yeEzhia. Ndakashumira Ishe nokuzvininipisa zvikuru uye nemisodzi, kunyange ndakaedzwa zvikuru nerangano yavaJudha"* (Mabasa 20:18-19).

MWARI VANOTIDANIRA KUTI TINYENGETERE NOKUUNGUDZA

Mwari vakadana kubudikidza namuporofita Joel, *"Tendeukirai kwandiri nemwoyo yenyu yose, muchichema nokuungudza"* (Joeri 2:12). Anodana vakuru vechiKristu kuti vanyengeterere vanhu vavo nokuungudza: *"Vaprista vanochema pamberi paJehovha ngavacheme vari pakati pebiravira retemberi nearitari. Ngavati 'Musaparadza vanhu venyu, imi Jehovha.' Musaita kuti nhaka yenyu chive chinhu chinosekwa, chirevo pakati pendudzi. Vachataurirei oakati pendudzi vachiti, 'Mwari wavo ari kupiko?'"* (2:17). Mwari vanonyora kuchema kwedu kwose: *"Nyorai kuchema kwangu; isai misodzi yangu parugwaro rwenyu, ko hazvina kuiswa muzvinyorwa zvenyu here?"* (Pisarema 56:8). Nguva yatiri yakafanana neyakange yatarisana namuporofita Isaiah. *"Ishe Jehovha Wemasimba Ose akakudaidza pazuva iro kuti mucheme uye muungudze, kuti mudzure bvudzi renyu uye mufuge masaga"* (Isaiah 22:12).

Panodiwa zvinopfuura misodzi kuti minamato ipfuurire, asika hana yakabatikana, mweya unochema kuna Mwari, ndicho chiga chimunyengetero wemuteuro. Hwoni pamweya, kubatikana nezvimwe iyo nyika ichinotsva muGehena. Humbavha pamweya, kungonyengeterawo, iwo meso edu asina kana misodzi uye asina kuremerwa, iyo nyika ichigomera nokurwadziwa. Chinodiwa, kuzadzwa netsitsi neunyoro, saKristu uye kunamatira nemisodzi avo vakadzimbiwa nechivi.

CHIKURU CHINODIWA: MISODZI MUMINAMATO

Munamato hausi nhambe-tambe kumaKristu. Munamato ndiro basa muumambo hwaKristu. Munamato kusanganirana pamwe naMwari, Baba vanodzimbikanwa, naKristu muprista wokuungudza, naMweya Mutsvene, womuteuro, mukugoverana nokutakudzana mitwaro yavakatakura mumwoyo yavo ine rudo.

Kunamata nemisodzi ichengetedzo mubizimisi risingaperi. Kunamata nemisodzi kudyarira kukupupura kusingaperi. Hakuna misodzi inodeurirwa vamwe achakanganikwa pamberi paMwari. Miteuro inosakurirwa nokudiridzwa, nemisodzi yako ndechimwe chimhande chine simba cheminamato yako. Zvirokwazvo zvirokwazvo saMwari vedu vari kudenga, *"Avo vanodyara nemisodzi vachakohwa nenziyo dzomufaro. Uyo anobuda achichema, akatakura mbeu yokudyara, achadzoka nenziyo dzomufaro, akatakura zvisote"* (Pisarema 126:5-6).

Zvakanokorwa kubva mubhuku rinonzi ***"Touch The World Through Prayer"*** rakanyorwa naWesley Duewel. Rakashandiswa zvinemvumo yeve the Duewel Literature Trust, Inc., Greenwood, Indiana. Mabhuku ose aDr. Duewel anokwanisa kutengwa kana ukachaya runhare panhamba idzi dzinotevera (317) 881-6751 Ext. 361.

Panyika Tingayemurei

NaW. B. Chivaura

Pasi pazere nezvigumburo!
Kufara kwedu hakuna maturo,
Kana tigere, kana tirere,
Kusununguka kwedu kushoma:
Rufu nesu rwakangoti tsvemere

Zvarwei nhasi mangwana fei!
Zvino pasi tingayemurei?
Ungane nhasi, hwedza parare,
Gutei nhasi mangwana ziye!
A! Chivigwa nevhu munhu uzorore.

Torivara nhasi nezvenyika
Mangwana tichazotambudzika;
Frei nhasi, mangwana suwe,
Hama neshamwari dzose dzapera,
Mhuri dzose dzangove mumwe mumwe.

TADZOKA!

NaGodfrey Ndiriwenyu

"Uswa hunooma uye maruva anowa, asi shoko raMwari wedu rinogara nokusingaperi" [Isaya 40:8]. *"Denga nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu haangatongopfuuri"* [Jesu pana Mako 13:31].

Mushure memakore maviri nemwedzi inoraudzira iri murenje, magazini ***yeMharidzo Yokuuya Kwake*** yadzoka zvakare! Moto muzhinji weIvhangeri tichinawo uye tichakangotakura kuzodzwa kwedenga! Magazini ye***Mharidzo Yokuuya Kwake*** ichakangozadzwa nogukuchira uchi nemukaka hweivhangeri yaIshe wedu Jesu Kristu. Tiriparwendo uye Kenani tichasvika chete! Takatanga neIvhangeri uye tichapedza neIvhangeri! SaJesu odzokera kuGarire musimba roMweya Mutsvene achibva murenje shoko redu [***seMharidzo Yokuuya Kwake***] richingori rimwe chetero, *"Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze ivhangeri kuvarombo. Akandituma kuti ndiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaone vaone, kuti ndisunungure vakamanikidzwa; nekuti ndiparidze gore rakanaka raShe"* [Ruka 4:18]. Jehovha Wamasimba ose akatituma kuti tiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaoni vaone, kuti tisunungure vakamanikidzwa, uye kuti tiparidze gore rakanaka raMwari wedu. Magazini ye***Mharidzo Yokuuya Kwake*** ichingori nenhango nechiga chimwe chete: Mharidzo kuvarombo, rusununguko kuvakasungwa, rairo kuvatsvene, dzidziso nenyevero kuvane nzeve dzokunzwa. Chinangwa chedu chikuru chichingori chimwe chete, mharidzo yegore rakanaka raIshe wedu uye kusimudza Shoko raMwari sechiedza kunyika yose. Mharidzo yedu kunyika yose uye kune vanonzwa, ichingori imwe chete yokuti veduwe: "Kuzodzwa kwose kuri pamusoro paShe wedu Jesu Kristu uye Rugwaro rwose [Bhaibheri Shoko raMwari] rwakafemerwa naMwari kuti ruti batsire kuwana upenyu uye upenyu hunofashukira. "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka [2Tim 3:16]. Bhaibheri iShoko raMwari uye rakatwara nokutakura mifungo yaMwari. Nderechokwadi uye mariri muneupenyu. Ndiro chete rinotiudza kuti Mwari vakada nyika sezvizvi, kuti vakapa Mwanakomana wavo kuti ani naani [zvichireva iwe neni] anotenda kwaari asafe asi ave noupenyu husingaperi [Jn 3:16]. Shoko raMwari rinesimba uye richagara kusvika nokusigaperiperi *"Denga nenyika zvichapfuura, asi mashoko angu haangatongopfuuri"* [Mako 13:31]. Veduwe upofu hahuna ndabve zano, uye upenzi hahuna ndakadzidza. Muhnu wose ane chaasingazivi. *"Vanhu vangu vanoparara nekushaya zivo"* [Hosea 4:6]. Vazhinji vedu takarasika uye takapofomadzwa meso nenjere nowakaipa. Sokureva kunoita Shoko raMwari, Jesu vakauya kuzotipa upenyu uye upenyu hunofashukira [Jn 10:10]. Naizvozvo kana mukanzwa Inzwi rake, musaomesawozve mwoyo yenyu. Akurumai nzeve ndewako! Tsvagai Mwari nokunaka kwake, achiri kuwanikwa, danai kwaari achiri kuwanikwa, uye nguva achiripo. Tsvagai kunaka noutsvene hwake muchiri vapenyu nokuti seri kweguva hakuna munamato. Akashata ngaasiye nzira dzake, nomunhu akaipa mirangariro yake. Dzokerai kuna Jehovah uye iye achakunzwirai ngoni, dzokerai kuna Musiki wenyu nokuti achakukanganwirai zvivi zvenyu. Bhaibheri Shoko raMwari rinoti iro *"Vapenyu vanoziva kuti vachafa, asi vakafa havana chavanoziva; uye havachinazve mumwe mubayiro [pane ino nyika], uye kurangarirwa kwavo kwakanganikwa"* [Muparidzi 9:5]. Zviri kurehwa pano ndezvizvi, kana wafa hakuna munhu achazokunyengeterera kuti upinde denga. Nzira yokudenga unotoigadzira ikozvino iwe uri mupenyu nekuti nerimwe zuva tichamira tose pamberi pechigaro chokutongwa. Mumwe namumwe achitongerwa mabasa ake. Veduwe musanyengerwa: Mwari haasekwi. Munhu anokohwa zvaanodyara. [Garatia 6:7] Tendeukai nhasi mubhabhatidzwe nguva ichiripo kuti muwane kuregererwa kwezvivi zvenyu uye mugogamuchira Mweya Mutsvene waMwari uyo achakupai zororo nokudekera kwemweya yenyu. "Chiuyai zvino titaurirane" ndizvo zvinotaura Jehovah. "Kunyange zvivi zvenyu zviri zvitsvuku zvichachena semazaya echando kunyange zviri zvishava semuti mushava, zvichaita samakushe amakwai." Inzwa zvinotaurwa naMwari kana ukamuteerera. "Kana muchida uye muchiteerera muchadya zvakanakisa zvenyika." Panyaya yokutendeuka neruponiso Bhaibheri Shoko raMwari rinoti "Nhasi! Kwete mangwana." *"Naizvozvo sezvinotaura Mweya mutsvene achiti: Nhasi kana muchinzwa inzwi rake musaomesa mwoyo yenyu"* [VaHeburu 3:7].

Mharidzo Yokuuya Kwake inotandavara kubva parukuvhute kusvika murinda, umo unenge worindira kuuya kwake. Mwana waamai meso haaoni uye nzeve hadzinzwi. Chinoona nokunzwa ipfungwa nenjere dzakazarurirwa nokucheneswa. Munamato wangu ndewokuti dai Mwari vabate pfungwa dzako vakuzarurire pane zvedenga. Chinzwa mudikani: Mharidzo yaJesu ndicho chete chitubu, chidzivasingwi paunonwa nokucheneswa pamweya. Ndipo paunocheneswa ugova akachena mbee! Kana Mweya Mutsvene asina kukuvhurira nokukuvhenekera Vhengeri yaJesu Kristu inoita soupenzi. Kana nzeve dzako dzisina kugezwa nokukweshwa neropa rinesimba rose raJesu hapana zvaunonzwa kana dai tikapaumba nokupaumba sei. Asi chokwadi chiripo ndichecho, chokuti upenyu hwomunhu hune chikonzero nei, uye munhu wose akasikirwa kuraramira Mwari. Munhu anofanira kuva noukama hwakasimba naMwari wake. Ndiyo mhaka nei Mharidzo yatinayo uye yatichagara tichiparidza iri iyoyi yokuti "Veduwe tendeukai mubhabhatidzwe mumwe nomumwe wenyu muzita raJesu Kristu. Kuti muregererwe zvivi

zvenyu uye mugogamuchira chipo choMweya Mutsvene (Mweya achakudzidzisa mararamiriro amunofara kuita pamberi paMwari) [Mabasa 2:38]. Hamawee kusaziva kusakupinzai munataisireva. Pane kwatiri kuenda uye tikasachenjera nerimwe zuva tichazvidemba! Makagadzirira here ramangwana renyu. Hosiya achitaura nevana vokwaIsiraeri anoti iye vanhu vangu varikuparadzwa nokusaziva Mharidzo Yokuuya Kwake iri kukupai mukana wokunombora nokutatapura ruzivo rwezvedenga. MunaJesu Kristu, Mwari arikukupai mukana woupenyu husingaperi. Ndapota kana manzwa Shoko raShe musaomesewozve mwoyo yenyu.

Imwezve Mharidzo yatinayo kuvana veZimbabwe ndeiyi: "Jesu ndiye nzira, ndiye chokwadi uye ndiye upenyu nechiedza." Muhurukuro yavo yakadzama nevadzidzi vavo Ishe Jesu vanoti ivo 'Hakuna munhu [Inzwa hakuna munhu!] angauya kuna Baba kana asina kupfuura nepandiri. Munhu haasviki kuna Mwari [nemamwe manzwi munhu haakwanisi kunamata Mwari neimwe nzira, munhu haana imwe nzira yaanga namata nayo Mwari, uye inofadza Jehovah] kana asina kupfuura nepana Jesu. Hazvigoni! Kwete nepana Mbuya Nehanda, kana sekuru Kaguvi, kana sekuru Chaminuka. Jesu varikuti ivo hakuna! Kuna Mwari hakuendwi kubudikidza nomumwe, kunze kwaJesu Kristu chete, Ishe wamadzishe! Vachitaura nezuva riye Jesu achibhabhatizwa, Mweya waburuka mumufananidzo wenjiva, Mwari vanoti *"Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinofarira zvikuru"* [Mateo 3:17]. Pana Ruka chitsauko 9 pamusoro pemashoko iwaya Mwari vanowedzera vachiti "Uyu ndiye Mwanakomana wangu wandinofarira zvikuru Muteererei." Kusateerera Jesu Kristu rufu! Ndiyo mhaka nei Petro achiti iye; "Ruponiso haruwanikwi kuna ani zvake, nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga rakapiwa kuvanhu ravangaponeswa naro." Nemamwe manzwi Petro ari kuti iye "Jesu ndiye Mwanakomana waMwari waanofarira zvikuru, ndiye muponisi wenyika dzose." Paari mabvi ose achapfugama, ndimi dzose dzichapupura, kuti UYU ndiye Mwanakomana waMwari *"Mwari akamukudza panzvimbo iri pamusoro-soro uye akamupa zita riri pamusoro pamazita ose, kuti muzita raJesu mabvi ose apfugame, mudenga napanyika uye nepasi penyika, uye ndimi dzose dzipupure kuti Jesu ndiye Ishe, kuti Mwari Baba vakudzwe"* [Firipi 2:9,10]. Jesu ndiye mununuri kubva musimba rerima uye akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana waanoda. watine dzikinuro maari, iko kuregererwa kwezvivi [Korose 1:13].

Usakanganwe kana kurasikirwa nenyaya huru yandinayo mwedzi uno iyo yandinoda kuti ubatisise zvikuru: "Mweya waShe uri pamusoro pedu se***Mharidzo Yokuuya Kwake***, nokuti akatizodza nokutituma kuti tiparidze ivhangeri kuvarombo. Akatituma kuti tiparidze rusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaoni vaone, kuti tisunungure vakamanikidzwa, uye kuti tiparidze gore rakanaka raShe" [Ruka 4:18]. Nyika yatiri kurarama nhasi uno ine vanhu vakasungwa. Zvichida newewo wakasungwa ndichitaura kudai. Nyika yatiri kurarma ine vanhu vasingaone nokunzwa. Zvichida newewo hauoni ndichitaura kudai. Kubvira pasichigare Adamu naEva vachitadza Satani arikushandisa mwana wemunhu sembongoro yepakamba. Akatikwatidzire jokwe rake pamitsipa yedu uye akatiberekesa zvose zvinorema zvaungafunga, zvivi, urwere, urombo uye nezvose zvinonyangadza zvaungafunga. Munhu wose arikurarama nhasi kusanganisira nevakaenda—panze paJesu chete—vanzwa nokunzwa veduwe nezveuremu hweiri jogwe rowakaipa. Tose takahunzwa uremu hwejogwe rake uye tikashungurudzwa nokugarochukuchwa mative ose nejogwe iri raSatani. Kwemakore zviuru apfuura jogwe iri ndiyo yaive nyaya huru kusvikira Jesu vauya vachiti: *"Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze ivhangeri rorusununguko kuna vakasungwa uye kuti vasingaoni vaone, kuti ndisunungure vakamanikidzwa, uye kuti ndiparidze gore rakanaka raShe"* [Ruka 4:18]. Ivhangeri yaJesu kuvarombo yaive ipiko? "Ndauya, ini Jesu, varombo havachafaniri kuramba vari varombo! Pose paunogamuchira Jesu saIshe nomuponesi wako nhamo neurombo zvinopera." *"Nokuti munoziva nyasha dzaShe wedu Jesu Kristu, kuti kunyange zvake akange arimupfumi, asi nokuda kwenyu akava murombo, kuti imi kubudikidza nourombo hwake mugopfumiswa"* [2 VaKorinde 8:9]. *"Uye Mwari anogona kuti nyasha dziwande kwamuri, kuitira kuti muzvinhu zvose, panguva dzose, muine zvose zvamunoda,mukwanise kuita mabasa ose akanaka"* [2VaKorinde 9:8]. *"Kristu akatidzikinura kubva pakutukwa, kwomurayira paakava chakatukwa, iye nokuda kwedu, nokuti kwakanyorwa kuchinzi: 'vakatukwa vose vanoturikwa pamuti'Akatidzikinura kuitira kuti kuropafadzwa kwakapiwa Abrahamukugosvika kuvahedheni kubidikdza naJesu Kristu"* [Garatia 3:13,14]. Ukagamuchira Jesu saIshe naMuponisi wako upofa hunopera. uye neurombo hwako hunoperawo! Anokusununguru. *"Nokuti akatinunura kubva pasimba rerima uye akatiuyisa kuumambo hwoMwanakomana wake, waanoda, watine dzikinuro iko kuregererwa kwezvivi"* [Korose 1:13]. Muna Jesu Kristu mune kurapwa kwezvirwere. *"Zvirokwazvo akatakura matenda edu, uye akatakura kurwadziswa kwedu. Akabaiwa nokuda kwokudarika kwedu, akakuvadzwa nokuda kwezvakaipa zvedu. Kurohwa kwake kwakativigira rugare. Namavanga ake takaporeswa"* [Isaiah 53:4,5]. Pana Jesu Kristu Mwari vakaite chishamiso chisina mukare akamboona. Jesu Mwanakomana waMwari akave Mwanakomana weMunhu kuti isu vana vemunhu tigove vana vaMwari. Ndiyo Mharidzo yatinayo: Rusununguko kuvakasungwa, meso kuvasingaoni, upfumi kuvarombo, zivo kuvakarasika, rusununguko kuvakamanikidzwa, uye negore rakanaka raShe wedu kupasi rose. Regai ndipfige namanzwi aya kubva pana Isaiah 61 *"Mweya waShe uri pamusoro pangu, nokuti akandizodza kuti ndiparidze vhangeri kuvarombo. Akandituma kuti ndirape vane mwoyo yakaputsika, kuti ndiparidze kusunungurwa kwavakatapwa, nokubudiswa kwavakasungwa kuti vabve murima. Kuti ndiparidze gore rengoni dzaJehovah, uye nezuva rekutsiva kwaShe wedu.Kuti ndiriritire avo vanochema muZioni, kuti ndiise pamusoro pavo korona*

(Inoenderera Mberi Papeji 6)

(Kubva Papeji 5)
yorunaka pachinzvimbo chamadota, mafuta omufaro pachinzvimbo chokuchema, uye nenguwo yokurumbidza pachinzvimbo chomweya wokurukutika. Vachanzi miouki yokururama yakasimwa naJehovah." Wakasungwa here? Unenyota nenzara here? Uneurombo here? Unechirwere here? Inzwa: *"Huyai kwandiri imi mose makaneta nomakaremerwa, uye ndichakupai zororo... uye muchawana zororo remweya yenyu"* [Mateo 11:28].

Humbira Minamato *[Prayer Requests....]* Ushumiri hwose hwe***Herald Of His Coming*** hwakabatana pamwe chete ne***Mharidzo Yokuuya Kwake*** hunoda kukutendai zvikuru nerutsigiro uye nemi namato yenyu imi mose vadiwa vaverengi. Tinotenda Mwari nokusvitsisa bepa re***Herald of His Coming*** makore 70 kubva zvarakavambwa. Tibatsireiwo kutenda Mwari nenyasha dzavo dzatisvitsa nhasi. Tichivatenda nokudana kwavakaita ***vaW. C Moore*** [1890-1980] nemudzimai wavo ***Sarah Foulkes Moore*** [1890-1973] kuti vatange iri bepa remakomborero. Pamunenge monyengetera nokurumbidza Mwari ndapota murangarire vanotevera ava muminamato yenyu. **Christine Ludlow** uyo arikubatikana zvikuru nechirwere che***cancer***. Kumbarai Mwari kuti vamurape kuti akwanise kushanda basa rake zvakanaka. ***Richard Carmicheal***, mupepeti mukuru weHerald of His Coming anokumbirawo minamato yenyu mukutungamira kwaanoita ushumiri hweHewrald of His Coming.[Murume uyu zvinyorwa zvake zvinondibata zvikuru] Vose vari pamwe chete ***Gayla Royer, Lois Stucky*** na***Gail*** vanokumbira njere mukusarudza kwavanoita zvinyorwa zvokubika mnapoepanhau ose eHerald of His Coming. *"Pakupedzisira, ivai nesimba muna She nomusimba rake guru. Uye munyengetere muMweya nguva dzose nemhando dzose dzeminyengetero nemikumbiro. Muine izvi mupfungwa dzenyu murinde uye murambve muchinyengeterera vatsvene... Munyengeterere neniwo kuti pose [pandinonyora nokupindurira zvinyorwa zvose] ndipiwe mashoko kuti ndigozivisa chakavanzika chevhangeri.. iro randiri nhume. Nyengeterai kuti ndiritaure ndisingatyi, sezvandinofanira"* [Efeso 6:10,18-20].

KO VARIKUPIKO VAKATENDEKA?

NaRich Carmicheal

Inzwai Shoko raJehovah, imi vaIsraeri, nokuti Jehovah ane mhosva yaari kupa kwamuri imi vagare munyika; *"Hapana akatendeka, hapana ane rudo, hapana anoziva Mwari munyika. Mune kutuka chete, kunyengera nokuuraya, kuba noupombwe; vanoparadza zvose zvinovadzivisa, uye kudeuka kweropa kunotevera kudeuka kweropa. Nokuda kaizvozvi nyika inochema, navose vanogara mairi vanoperezeka"* [Hosea 4:1-3].

Chinosuwisa zvikuru ndechokuti, mamiriro aive akaita zvinhu anotsanangurwa namuporofita akafanana zvikuru naamazuva ano. Kusachena pamwoyo, madyo, mhirizhonga, huori, utongi huneutsinye, dzidziso dzenhema, utangaimiri husina umwari, hudzvanyiriri, kupfuma nezvikiribida, kushaya nyadzi, kunyengera, nezvimwewo, zvazarisa munyika yose. Nerubatsiro rwenziyo yamuuimbi tingatoimbawo nhasi tichiti, *"Batsirai Mwari, nokuti vanoda Mwari hapachina, vakatendeka vapera pakati pavanhu"* [Ps 12:1].

Izvi zvinoshungurudza Mwari zvikuru nokuti vakavimbika zvikuru uye vanoshiwira kuti nesuwo tivimbike kwavari. Vanoda kuti tizvipire nemwoyo yedu yose kwavari, kurarama kune kutya neruremekedzo kunzira dzavo, , kuzadzwa nukuvimbika nehunhu, uye kuramba zvose zvisingamufadzi Mwari. Kutyoka kwose kwokudyidzana kwedu naye, chiratidzo chokusavimbika kwedu kuno uyo anotida zvikuru.

Chinorwadza zvikuru, ndechokuti vazhinji nhasi, kusanganisira nevari muKereke, havanyatsomuziva Mwari kana kumuda. Vanoramba Shoko rake, vanopedza nguva shomanana naye muminyengetero, uye havaiti kuda kwake kana basa rake nokuvimbika. Vamwe varikutoedza kunhadzurudza nekuchijinura Mwari pamwe neShoko ravo zvichienderana nokuda kwavo. Vanozvida, vanonyengera, vanoda mari uye vanoda kuzvifadza nezvenyika pane kuda Mwari, vane mufananidzo chete wokuda Mwari asi vachiramba simba racho [2 Timoti 3:2-4].

KUTONGWA

Mumhinduro kuzvivi nokusa vimbika kwose uku Mwari vanotumira kutongwa. Sokutaura kwaMozisi, *"Wakasiya Ibwe rakakubereka; wakakanganwa Mwari akakubereka. Jehovaha akaona izvi akavaramba nokuti akanga atsamwiswa navanakomana vake navanasikana vake. Ndichavanza chiso change kubva kwavari," iye akadaro. "Tigoona kutimagumo avo achazodii; nokuti rudzi rakatsauka vana vasina kutendeka"* [Dhuteronomi 32:18-20].

Hatikuoni here kutonga kwaMwari pamusoro penyika yeAmerica nedzimwe nyika, kutonga kunosanganisira kuviswa kwouvepo nesimba ravo Mwari, kubviswa kwamakomborero pamweya nemakomborero muzvoupfumi, dzikisiro kukudzorwa kwezvivi, uye kuwanda noukasha hwekudengenyeka kwenyika? Tinotenda Mwari nokuda kwokuti chikonzero chavo chokutumira kutonga, hakusiri kwokutiparadza bodo, asi kutizarura meso kuti tione mubayiro wokutandza kwedu uye kuti titendeukire kwavari, nokugadzirisa ukama hwedu navo Mwari. Naizvozvo, kana imo mukutonga kwavo, Mwari vanotumira shoko ravo neMweya wavo vachiti kwichidzira kuti tidzokera kwavari.

MUTSIRIDZO INOTEVERA KUTENDEUKA

Somuenzaniso, funga nezvemutsiridzo yakavapo munguva youtongi hwaHezekiah. Mambo Ahazi, uyo akavepo kutanga, akange, *"akurudzira zvakaipa munyika yaJudha, uye akange anyanyisa kusatendeka kunaJehovah"* [2 Makoronike 28:19]. Akapa zvibayiro kuna vamwari veDamasikho zvakakonzera kudhirika kwake naIsrael [28:23]. Mambo Hezekiah paakatanga kutonga, akabvuma kutongwa kwakange kwave pamusoro pavanhu vaMwari, nokuda kwokusavimbika kwavo, akadana vaRevhi navapirista kuti vazvitsaure neimba yaMwari. [29:5-11]. Akatumira nhume munaIsraeri yose naJudha, achidanira vanhu kuti vadzokere kunaMwari wavo nokumushandira [nokumuteerera], kuti hasha dzake dzinotyisa dzibve kwamuri uye kuti iye Jehovah adzokere kwamuri [30:6-9].

Kanapo vamwe vanhu vakashoora nokuseka vatumwa vaHezekia, asika vamwe vakazvininipisa vakadavira kuiri bembero. Vakaungana muJerusalem, vakabvisa maaritari ose ezvimwari, uye vakapemberera mutambo weChingwa chisina mbiriso [Passover Feast] vachinamata Mambo wavo. [30:10-26]. *"Vapirista navaRevhi vakamira kuti varopafadze vanhu, Mwari akavanzwa, nokuti munyengetero wavo wakasvika kudenga, nzvimbo yake tsvene yokugara"* [30:27]. Izvi zvose pazvakapera *"vaIsraeri vakanga varipo vakabuda vakaenda kumaguta eJudha vakaputsa matombo ose anoyera uye vakatema matanda eAsheri. Vakaparadza nzvimbo dzakakwirira nearitari muJudha yose neBenjamini nemuEfurefu naManase. Vapedza kuparadza zvose vaIsraeri vakadzokera kumaguta avo nekuzvinhu zvavo"* [31:1,2]. Kunamata kwechokwadi kwakadzoredzerwazve uyemakomborero aMwari akadzorerdzerwawo kuvanhu [31:2-18].

Funga zvakare nemutsurudzo munguva yaEzira. Uyo munhu waMwari *"akange azvipira kunzera nikutevera Murayiro waJehovha, uye nokudzidzisa mitemo nemirayiro yawo muIsraeri"* [Ezira 7:10]. Ruoko rwaMwari rwakave pamusoro pake uye akatungamira chikwata chavanhu kubva muBhabhironi vachienda kuJerusalem nesirivheri, goridhe, nezvinosevenzeswa muimba yaMwari. Paanosvika muJerusalem, Ezira anowana kuti vanhu vazhiji, kusanganisira navatungamiri, vaive vatadzira Mwari nokusazvitsaura kubva kumamwe marudzi, asi vaive votoroorodzana navo.

Ezira akashungurudzika zvikuru nenyaya idzi, akabvarura nguwo dzake, nokudzura bvudzi nendebvu dzake, akagara pasi onokushamisika kukuru. *"Ipapo vose vakadedera nokuda kwamashoko aMwari waIsraeri vakauya vakaungana kwandiri nokuda kwokusatendeka kwavatapwa"* [9:4]. Zvino nenguva yechibayiro chamadekwana, Ezira akasimuka akawira pamabvi ake, akatambanudza maoko ake kuna Mwari wake, akadurura mwoyo wake mumunamato. Akabvuma nezvenyasha dzaMwari mukuvadzikinura kubva mukutongwa kwakapfuurauye akabvuma nezvekushushikana kwake nedavidzo yaizoitwa naMwari kukusavimbika kwavo: *"Hamungatitsamwiri zvakafanira kutiparadza, muchitisiya pasina mupenyu kana angasara here? Imi Jehovha, Mwari waIsraeri makarurama! Tasara nhasi isu sevakasara, Zvino tiri pano pamberi penyu nemhosva yedu, kunyange pasina mumwe chete angamira pamberi penyu nokuda kwechivi ichi"* [9:14-15].

Ezira paakange achireurura nokungengetera, ungano huru yavarume, vakadzi nevana vakaungana paari vachiungudzawo zvikuru [pamberi paMwari]. Ipapo Shekania mwanakomana waJehieri wazvizvarwa zvaEramu akataura aya mashoko anobaya zvikuru: *"Takatadzira Mwari wedu nokuwana vakadzi vatorwa kubva kundudzi dzakatipoteredza. Asi kunyange zvakadaro Israeri ichine tariro, Zvino ngatiitei sungano pamberi paMwari kuti tidzinge vakadzi ava nevana vavo vose maererano nezvakarairwa naIshe wangu neavo vanotya mirairo yaMwari wedu. Ngazviitwe maererano nomurayiro. Simuka! Nyaya iyi yava mumaoko ako. Tichamira newe, saka tsunga mwoyo uzviite"* [10:2-4]. Mushure maizvozvo, danidziro yakaendeswa kumunhu wose kuti vanosanganirana muJerusalem, Ezira akavatungamira mukureurura nokutendeuka, uye vakapikira kuti pane matanho avaizotora kuti kudzivisa hasha dzaMwari wavo [10:14].

MUTSURUDZO MUMAZUVA EDU?

Patinofunganya nezvechivi uye kusavimbika pana Mwari munguva yedu, varipiko vaneumwari,zvizere-shoko savanna Ezira vanoshugurudzwa nokuchema pamberi paMwari pamusoro pechivi vachitungamira vanhu kukutendeuka? Varikupiko vanaHezekia vachaita *"zvakanaka uye zvakarurama uye zvakatendeka pamberi paJehovha Mwari wake"* [2 Chr. 31:20], vachanamatira pana Mwari vasingaregi kumutevera [2 Madzimambo 18:6], vachaone kutonga kwaMwari pamusoro pechivi uye vagodanira vanhu kuti vadzokere kwaari.

Varikupiko vatungamiri nhasi, savanaDanieri,vachararama upenyu hwokuvimbika vasina huori kana chiri chimwe zvacho chavano pomerwa. Varikupi vangati naMika, *"...ini ndizere simba neMweya waJehovha, uye nokururamisira nesimba, kuti ndizivise Jakobo kudarika kwake, uye Israeri kutadze kwake"* [Mika 3:8]. Vari kupiko vachazvipira kuramba vachinyengetera nepakushumira shoko [sevapositori pana Mabasa 6:4] uye vachaparidza shoko uye vagogara vakagadzirira panguva yakafanira nenguva isina kufanira vachirayira, kutsiura, vachikurudzira nemwoyo murefu zvikuru uye nokudzudzisa zvakanaka? [2 Tim 4:2]. Varipiko, nokuda kwokurwadzikana pamusoro pevanhu vaMwari vachavateurira kuti *"vamire vakasimba mukuda kwose kwaMwari"*? [Korose 4:12]

Uye varikupi vanhu saShekaniah vachachengetedza Shoko raMwari muhana dzavo, vagozvininipisa, vachireurura zvivi zvavo uye vachikokerera vanhu kuti vadzokere kunaMwari.Vrikupi vamirriri muminamato vakavimbika vachavaka midhuri vagomira pamukaha, kuti kutonga kwaMwari kusawire pamusoro pavanhu [Ezekia 22:30-31]. Varikupiko vachamira vakatendeka, vasina chavanopomerwa; vana vaMwari vasina chavanopomerwa, vakachena munyika iyi ine rudzi rwakakombama uye rwakatsauka? [Firipi 2:15].

Varikupiko varanda vakanaka nokuvimbika vachazovimbika munazvose uye pazvose zvavachapihwa naMwari? [Mateu 25:23;

(Inoenderera Mberi Papeji 8)

WEDZERA RUZIVO RWAKO RWEBHAIBHERI

"Waizviziva here kuti Bhaibheri [Shoko raMwari] ndiro bhuku rinotengwa kupfuura mamwe mabhuku ose zvawo uye kuti ndiro bhuku rinoverengwa zvakanyanya kupfuura mamwe mabhuku ose pasi pose? Bhaibheri rinotaurwa nezvaro kupfuura zvimwe zvinyorwa zvose uye ndiro rinonyanya kushanda pamitauro, tsika uye nemirairo yedu kupfuura bhuku ripi zvaro rakadhindiswa. Asika kana zvakadaro zvazvo, vanhu vazhinji vanofunga kuti Bhaibheri rine mutauro wakaoma zvikuru kuti munhuwo zvake arinzwisise. Vamwe vanotya, kana vachiona makuriro eBhaibheri, uyewo vamwe vanhu havatarisiri kuona chinhu chingabatsira kubva muBhaibheri pamatambudziko ose zvawo atinosangana nawo savarume navakadzi. Asika, imbozvibvunzawo kuti, nemhaka yeiko Bhaibheri rakava nomukurumbira mukuru kudai? Mhinduro ndeyinoti: Bhaibheri Ishoko raMwari: Inzwa: 1 Timoti 3:16 *"Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka."* Bhaibheri ranadzo mhinduro dzose dzoupenyu. Mariri Mwari anotaura nezvematambudziko edu uye achipawo mhinduro. Jesu vakati "Uyai kwandiri, imi mose makaneta, makaremerwa uye muchawana zororo. Takurai joko rangu, mudzidze kwandiri, nokuti ndiri munyoro uye ndine mwoyo unozvininipisa, uye muchawana zororo remweya yenyu"[Mateo 11:28-30].

(Kubva Papeji 7)

Ruka 16:10]. Varikupio vakavimbika muna Jesu Kristu [Efeso 1:1] uye avo vachavimbika kusvika parufu? (Zvakazarurwa 2:10).

Kana pane nguva kana awara revanhu vaMwari, kuti vasimuke, kuti vararame muutsvene nokuvimbika upenyu hunofadza Mwari, kuti vamire pamukaha vachinyengeterera nekuteurira Kereke, kuti vapakurire nyasha dzaMwari uye kuparidza zvine ushingi zvokwadi yaMwari, ino ndiyo nguva yacho.[Ino inguva yokuti vatsvene vaMwari vasimuke kuti nyika igovaona.

Pepanhau ***reMharidzo Yekuuya Kwake*** ringafara zvikuru kunzwa kwamuri vaverengi Tiudzei zvamunofunga nokushuwira kuti zviitwe nokunyorwa mupebanhau renyu ***reMharidzo Yokuuya Kwake*** .Tiri kutarisira kunzwa kubve kwamuri kubudikida nemakero anotevera:

Mharidzo Yokuuya Kwake
1257 Mganwini, P O Nkulumane
Nkulumane, Bulawayo

Kana pakero ye e-meiri inoti : *mharidzo4Him@yahoo.com*
kana kuti: *ndiriwenyu@gmail.com*

Mupositori Petro akanyorawo achiti, "Kandai pamusoro pake kufunganya kwenyu kwose nokuti anochengeta"[1Petro 5:7]. Kunyange zvazvo Bhaibheri riri bhuku rakare, uye richiita serakaoma, Mharidzo yaro inokosha kwazvo uye inoenderana nenguva ino. Ndokusaka richiramba riri pamberi pamukurumbira waro. Bhaibheri shoko raMwari, rine manzwi oupenyu, riverenge nhasi mariri uchawana zororo nemhinduro kubva kuna Mwari mumatambudzio ako.MuBhaibheri tinowanawo nzira dzokukunda muupenyu hwedu saMakristu.

Shoko raMwari rinozviburitsa pachena kuti isu [avo vari vana vaMwari (Johane 1:12)] tiri vokukunda nokubudirira. Hatiziri vokudzokera shure kana kudududzira. Shok rinoti iro, "... Mwari haana kutipa mweya wokutya, asi Mweya wesimba, noworudo nowokuzvidzora"[1 Timoti 1:7]. Inzwa mudikani, kune mweya wokutya uriko uye uno mbunyikidza nokubata vanhu, asi uyu mweya haubvi kuna Mwari. Kutya chibereko cherima uye dzimwe nguva kunokonzerwa nemweya, asi Mweya uyu usiri waMwari. Une kwaunobva asika uyu hausiriwo watakapiwa. Isu takapihwe mweya wesimba. Sokureva kunoita Shoko raMwari tiri vakundi nokupfuurisa nokuti Mwari vedu ndiMwari vokukunda. Mupositori Johane anoti iye 'uyo ari matiri mukuru, uye anesimba kupfuura ari munyika.' Jehovah Mwari vakaita kuti Dhavhidhi akunde kwose kwaakaenda. ndivo vachaita kuti ini newe tirarame upenyu hwokukunda kwose kwatinoenda uye muizvo zvose zvatinoita nokubata. Jehovah "Nissi" vakarwira Moses akakunda maAmerikaitsi ndivo mwari vachaita kuti iwe neni tikunde muhondo dzose dzatinosangana nadzo. Shoko ravo rinotiudza kuti tinogona chete kuita zvose kubudikidza naiye anotipa simba [2 Sam 8:6; Firipi 4:13]. Mwari vedu ndiJehovha Wamasimba ose, mambo naIshe vokubwinya kwose. NdiJehovha vane simba noumhare, Mwari vane ukuru nesimba pakurwa. [Ps 24:8] Ndivo Jehovha, ruponeso nokukudzwa kwedu. Dombo redu guru noutiziro hwedu, mubatsiri wedu munguva yokutambudzika kwedu. [Ps 62:7; 46:1] NdiJehovha vanotasva matenga akare, 'iye anobudisa inzwi rine simba somupande wemvura' [Ps 68:33] Ishe wedu mukuru uye ane simba guru' [Ps 147:5] Achinyorera Kereke yavaRoma, mupositori Pauro anoti iye rangarirai kuti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye [Jesu] akatida" [VaRoma 8:37]. Rega ndikupe mazita mashomanan anopihwa Mwari MuShoko ravo anoenderana nokushanda kwavo. NdiJehovah-El-Shaddai: Mwari vananzvo zvose. NdiJehovah-Sabaoth.. Mwari anokurwira muhondo dzako dzose. NdiJehovah-Rapha.. Mwari vanokurapa zvirwere zvako zvose. NdiJehovah-Nissi.Mwari vanokurwira kuvavengi vako. NdiJehovah-Raah...Mwari vari mufudzi wako. NdiJehovah-Tsidkenu.. Mwari vari kunaka kwako. NdiJehovah-Shamah..Mwari varipo uye vaneni newe nguva dzose. Ndijehovah-Shalom..Mwari vari kusununguka kwedu. Kana dai tikasangana nemiedzo yakaita sei, kana dai tikasangana nehondo dzowakaipa dzakaita sei, chokwadi

(Inoenderera Mberi Papeji 9)

ZVIDZIDZO ZVEBHAIBHERI . . .

MUPOROFITA WAMWARI CHII?

NaMufundisi Zivai Shoko

"Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya. namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari. [VaHeberu 4:12] *Zvino ndinokuisai kuna Mwari neShoko renyasha dzake, iro rinogona kukuvakai uye richikupai nhaka pakati peavo vakaitwa vatsvene"* [Mabasa 20:32].

Regai ndikukwazisei zvakare, nomufaro mukuru, imi mose zvenyu vaverengi ***veMharidzo Yokuuya Kwake*** kuchinyorwa chedu chino ***cheZvidzidzo zveBhaibheri***. Rangu zita ndinonzi Mufundisi Zivai Shoko uye ndinofara zvikuru kuti mawana chinguvana chokuverengawo chinyorwa chino. Iri ishoko rezvokwadi vadikani, munhu wose zvake ari mukristu anofanira kuva neruzivo rwakadzika nokudzama rweShoko raMwari. Mweya neShoko zvinofanira kupfuta pamwe chete muupenyu hwomuKristu. Sokutaura kwandinogara ndichiita zvinyorwa izvi zvinoitirwa kuti zvikubatsire iwe semukristu kunzvera nokunzwisisa Bhaibheri Shoko raMwari. Zvakanaka kuti tiite saBerea, [Mabasa 17:11] vakange vane tsika yakanaka yokuti vakanzwe shoko "vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe

(Kubva Papeji 8)

cheShoko cheShoko raMwari chinoti "pazvinhu zvose izvi, tiri vakundi nokupfuurisa kubudikidza naiye akatida." Vachitaura kubudikidza namuporofita Isaya Jehovha vanoti ivo "Hapana munondo ucharwisana newe ukakunda, uye uchakonesa rurimi rumwe norumwe runokupomera mhosva" [54:17]. Pachitsauko 59 vanoti ivo kana dai Wakaipa akauya samafashamu, ivo vachasimudza rutandare rwedziviriro yavo.

Kana uchitanga kuverenga Bhaibheri nhasi, ungangotanga nokuverenga bhuku raMako kana raJohani. Mako anopa nhoroondo youpenyu hwaJesu. Johani anopawo nhoroondo yaJesu, asi namamwe maonero akati siyanei zvishoma navamwe vanyori. Ungangodawo kuzoverenga tsamba kuva Roma, iyo yakanyorwa namupositori Pauro uyo aiva mutungamiri muchiKristu mumazuva okutanga, kana Mabasa , nhoroondo inofadzwa yamazuva okutanga , izzvo zvinoreva Kristu asat azvarwa. A.D inoreva Anna Domino, zvichireva gore raShe Jesu mambo wedu.

[Kubva muBhaibheri Dzvene, Muchishona Chanhasi, pasi pomusoro unoti "Mashandisiro Ebhaibheri]

kuti vaone kana zvairehwa naPauro zvaiva izvo". "Shoko raKristu ngarigare zvakakwana mamuri.." [VaKorse 3:16]. Kana mucharangarira, muchinyorwa chapfuura ndakati ini pane zvinhu zvikuru zvakakosha kwazvo zvaunofanira kuziva nokubatisisa somuKristu pose pose zvapo punenge watarisana neShoko raMwari.

Chokutanga ndechichi: 1 Timoti 3:16 "Rugwaro rwose rwakafemerwa naMwari uye runobatsira pakudzidzisa kurayira, kutsiura, nokurairidza mukururama, rune chinangwa chokuti munhu waMwari akwaniswe kwazvo uye agadzirirwe mabasa ose akanaka". Bhaibheri iShoko raMwari uye rakatwara nokutakura mifungo yaMwari. Nderechokwadi uye mariri muneupenyu hwakazara nokufashukira. Achitsigirana namashoko iwaya mupositori Petro anoti : "munofanira kunzwisisa kuti chiporofita chorugwaro hachina kuuya nokungodudzira kwomuporofita pachake oga. Nokuti hakuna chiporofita chakauya nokuda kwomunhuwo zvake. asi vanhu vakatura zvaibva kunaMwari vachisundwa neMweya Mutsvene. [2 Petro 1:20].

Chechpiri ndechichi: Bhaibheri rakaitirwa kuti [*isu vaKristu*] tirarame hupenyu hunetariro neramangwana. Mwari havadi uye havatarisiri kuti tirarame upenyu hwoupenzi uye husina ramangwana. "Nokuti zvose [***zvose***] zvakanyorwa kare zvakaitirwa kuti zvitidzidzise isu, kuitira kuti isu, kubudikidza nokutsungirira nokukurudzira kwamagwaro tive netariro". [VaRoma 15:4]. Achinyorerawo sangano ravaKorinde, Pauro anovarangaridza kuti zvose zvakanyora nezvakaitika, "zvakange zviri muenzaniso kwatiri kuti tirige kuisa mwoyo yedu pazvinhu zvakaipa..." [2 Korinde 10:6]. Naizvozvo sokutaura kwatamboita pamusoro, Bhaibheri rakaitirwa kuti ritiswatudze, ritiumbe kuti tive vakakwana pamabasa akanaka, kuti tirege kuisa mwoyo yedu pane zvisina maturo.

Chechitatu ndechichi: Shoko raMwari ibenyu uye rine simba rose. *"Nokuti Shoko raMwari ibenyu uye rine simba [rose]. Rinopinza kukunda munondo unocheka kumativi maviri, rinobaya kusvikira kunyange panoparadzana mwoyo nemweya. namafundo nemwongo; rinotonga mifungo nendangariro dzemwoyo. Hapana chisikwa chakavanzika pamberi paMwari"* [VaHeberu 4:12]. Mushoko raMwari ndimo muneuchi hwezvoumambo hwedenga. "Ani naani anonzwa shoko rangu uye achitenda uyo akandituma, ane upenyu husingaperi uye haachatongwi,

(Inoenderera Mberi Papeji 10)

(Kubva Papeji 9)

abva murufu uye apinda muupenyu". [Johani 5:24].

Muchinyorwa chino ndati timbotarira nokutsenga-tsenga nyaya yakakosha uye inodzoka yoita seinotyisa zvikuru kumukiristu wose zvake.

NYAYA YECHIPOROFITA [PROPHECY]

Nyaya iyi ihombe uye yakakosha zvikuru nokuti pane Mateo 24 Ishe Jesu vanoti ivo: "Chenjerai kuti murege kunyengedzwa nomunhu. ...vazhinji vachauya muzita rangu vachiti 'Ndini Kristu [Messiah] uye vachanyengera vazhinji.. Panguva iyoyo vazhinji vachadzokera shure pakutenda uye vachamukirana nokuvengana... Panguva iyoyo mukanzwa munhu anoti kwamuri "Tarirai hoyo Kristu" musazvitenda. Nokuti kuchamuka *vanaKristu venhema nevapropfita venhema avo vachaita zviratidzo nezvishamiso* kuti vanyengere kunyange navakasanangurwa kana zvichigoneka. Tarirai ndafanokuudzai zvisati zvaitika". [vs 24]. Nguva yatiri kurarama mudikani inguva yakaoma uye yekuzadziswa kwamagwaro. Somuenzaniso sezvinotaurwa namupositori Pauro: "Vanhu vave kuzvida, vanoda mari, vanozvirumbidza nozvikudza, vanotuka, vasingateereri vabereki, havasingatendi uye havasisina utsvene; havasisina rudo, vasingaregereri, vanochera vamwe, vasingazvidzori, vane utsinye, vasingadi zvinhu zvakanaka, vanoita manyawi, vanoda kuzvifadza nezvenyika kupfuura Mwari, vane mufananidzo bedzi wokunamata Mwari asi vachiramba simba racho." [2 Tim 3:1-5]. Izvi tiri kuzviona wani nemaziso edu. Tave panguva iya yokuti vazhinji "vave kuramba kuteerera dzidziso yakarurama. Asi vachida zvinovafadza ivo, vachazviunganidzira vadzidzisi vazhinji kuti vadzidzise zvinodiwa nenzeve dzavo". [2 Tim 4:3]. Naizvozvo zvakakosha kuti savaBerea tinyatsotora nguva yokunzvera magwaro, kuti tione kuti ndiani ari kuti paridzra nokuti porofita.

Mukutatapura nyaya iyi tine mibvunzo yakati-kuti yatichaedza kubvunza nokupindura. Mibvunzo iyi ndiyo ichatinongedzera kuShoko uko tichwana mhinduro dzedu. Mubvunzo wokutanga ndeunoto: ***Choporofita chii? kana kuti muporofita ndiani?*** [Who is a prophet and what is prophecy?] [2] Chinangwa chokuporofita kana kuti chomuporofita chaive uye ndechei?

Zvinyorwa zveTestamende yaKare, zvinotiratidza Mwari vanotaura, vachizviwadzurura chimiro chavo uye namafungiro avo. NdiMwari vanoshuwira kutaudzana nevanhu vavo neMweya Mutsvene kubudikidza navaporofita vavo. NdiMwari vanotaura zvavachaita ramangwana, zvichaitika munguva inotevera, uye vanoratidza kugumbuka, kutsamwa kana kufara kwavo kubudikidza navaporofita. Pana Haggai 1:8, Bhaibheri rinoti iro Haggai akange ari mutumwa waJehovha, aiva neShoko raJehovha kuvanhu vaJehovha. *"Shoko raJehovha rakasvika kubudikidza nomporofita Haggai richienda kuna Zerubhabheri..."* [1:1]. Muporofita aitaura mashoko aMwari kuvanhu vaMwari. Akange asingazvitumi kana kutaura maonero ake. Aitaura sokupihwa kwaaing aitwa naMwari. *"Zvanzi naJehovha Wamasimba ose.."* [vs 2,3,5,7 etc]. Pana Jeremiah 1:9 Mwari vanoti *"Ndaisa mashoko angu mumuromo mako"*. Savatumwa vaMwari vaporofita vaitaura vakamirira Jehovha. Shoko ravo raive nesimba zvikuru nokuti raibva kuna Jehovha Wamasimba ose; rainge raiswa mumiromo yavo naMwari. Naizvozvo regai ndidudzire ndichiti: muporofita mutumwa [***messenger***] waJehovha aitumwa neShoko [***message***] raJehovha kuvanhu vaJehovha. Muporofita akange asingazodzwi nevanhu, asi kuti aizodzwa nokutumwa naMwari. *"Shoko raJehovha rakauya kuna Mika weMoresheti..."* [1:1]; *Shoko raJehovha rakasvika kuna Jona mwanakomana waAmitai, richit.."* [1:1]; *"Zvakaratidzwa Obhadhia, 'Zvanzi naJehovha pamusoro peEdhomu..."* [1:1]; *"Shoko raJehovha rakasvika kuna Joere mwanakomana waPetueri richiti..."* [1:1]

KO CHINANGWA CHOMUPOROFITA CHAIVE CHEI?

Chinangwa ***chokutanga*** chomuporofita chaive chokuyanika nokuduridzira maonero aMwari pane zvinenge zvichiitika. [*Evaluating the present situation from God's perspective*] Pavaive votsauka kubva pakunamata Mwari nokuchengetedza mitemo yake Mwari vaitumira vaporofita vavo kuva vaIsrael kuti avape shoko ringava rokutongwa kana kutsiura pamusoro pezvivi zvavo. Jeremiah 2:11 *"ko rudzi rwakambotsinhanisa vamwari varwo here? Uye havasi vamwari zvachose. Haiwa imi matenga shamiswai nechinhu ichi, uye mdedere noktya kukuru. Ndizvo zvinotaura Jehovha . Vanhu vangu vakaita zvakaipa zviviri: Vakasiya ini, tsime remvura mhenyu, vachizvicherera zviringo zvisingachenget mvura.."* Basa romuporofita raive rekunongedzera vanhu pavaive vorasika, uye nekuti vazive kuti Mwari vanoti kudii nazvo. Somuenzaniso chiporofita chaMika, icho chakanyorwa pakati pa 750 na 685 B.C chairatidza maonero aMwari pane zvaiitika panguva iyoyo. *"Vane nhamo avo vanotonga zvakaipa, vanoronga zvakaipa pamibhedha yavo! Pakuedza kwamangwanani vanozviita nokuti zviri musimba ravo kuzviita. Vanochiva minda vagoipamba, nedzimba, uye vagodzitora. Vanobira munhu imba yake, nomuvakidzani nhaka yake. Naizvozvo Jehovha vanoti 'Ndiri kuronga njodzi yokurwisa nayo vanhu ava, zvamusingagoni kuzvidzivirira kwazviri. Hamuchazofambizve muchizvikudza, nokuti ichava nguva yedambudziko*

Chechipiri: Chinangwa chemuporofita chaive chokutendeutsa nekudzoredzera vanhu pana Mwari. Shoko guru ravaporofita raive rokudzoredzera vanhu kukuteerera

Mwari nokutevera mitemo nemirairo yake. *"Haiwa Israeri, kana muchida kudzoka, dzokai kwandiri...Kana mukabvisa pamberi pangu zvifananidzo zvenyu zvinonyangadza uye mukasarasikazve... Izvi ndizvo zvinotaura Jehovha kuvanhu veJudha neJerusalem, 'Zviundirei gombo idzva... zvidzingisirei kuna Jehovha.. kuti kutsamwa kwangu kurege kukubudirai kukapisai semoto.."* [Jer 4:1].

Chetatu: Mporofita aitaurawo nezvaizoitika munguva inotevera *[foretelling]* . MuTetamennde Yakare mune zviporofita zvizhinji zvinotaura nezvaizoitika munguva yaitevera. Somuenzaniso muporofita Mika inotipa nokunongedzera zvaizoitika munguva yaizotevera. *"Ndudzi zhinji dzichauya dzichiti 'Uyai, handei kugoma raJehovha, kuimba yaMwari waJakobho"*. Zvizhinji zvacho zvakazadziswa, zvimwe zviri kutozadziswa, zvimwewo hazvisati zvazadziswa, asi sokutaura kweShoko zvichazadziswa. Ukaverenga bhuku yaMateo uchaona mune zvinokorwa zvizhinji kubva muTestamende yaKare zvakazadziswa muupenyu hwaJesu, Messiah aive akamirirwa nerudzi rwaJudah. [Semuenzaniso verenga Mateo 1:18-22 naIsaya 7:14; Mateo 12:18 naIsaya 42:1] Rangarira mudikani kuti ndati ini munazvose izvi muporofita aitaura zvaaive audzwa kana kuoneswa naMwari. Ainge asingawedzeri dzake pfungwa kana zvishuwo zvake. Shoko rake rokutanga raive rokuti "Zvanzi izvo naJehovha..." [*Thus saith the Lord..*]

Kana ukanyatsotarisisazve zvakare uchaona kuti muTestamende yaKare mune mhando mbiri dzechiporofita. Pane chiporofita chakanyorwa, chikaunganidzwa pamwe chete kuti vanhu vakwanise kuchiverenga [canonical prophecy]. Kwozova nechimwewo chiporofita chisina kunyorwa. Ichi chiporofita chaive chisinga ratidzi kana kuzarura izvo zvakavanzika zvaMwari. Chairatidza chete huvepo hwesimba raMwari. Somuenzaniso mushure mokunge Mozisi atsaura nokuunganidza vakuru vane makumi manomwe akavaita kuti vapoteredze Tende. *"Ipapo Jehovha akaburuka ari mugore akataura navo uye akatora mweya wakange uri pamusoro pake akaisa mweya uyu pamusoro pevakuru makumi manomwe .Mweya wakati wagara pamusoro pavo vakaporofita, asi havana kuzoporofitazve.. "*. Kunyange zvakadaro Bhaibheri rinoti iro varume vaviri Eridhadhi naMedhadhi avo vakange vaverengwa pakati pevane makumi manomwe vakange vasara kumusasa. *"Asi Mweya wakagarawo pamusoro pavo uye, vakaporofita vari mumusasa. Mumwe mujaya akamhanya akandoudza Mozisi akati Eridhadhi naMeridhadhi vari kuporofita vari mumusasa.* ". Mumwe muenzaniso tinouwana pana Sauro, mubhuka yaSamueri. Mushure mokunge azodza Sauro saMambo Samueri anomuudza kuti aende kuGomo uko aizonosangana navaFiristia.. asi *"pamunenge mava kunosvika kuguta iri, muchasangana nedungwe ravaporofita. Mweya waJehovha uchauya pamusoro pako nesimba uye uchaporofita pamwe chete navo, uye uchashandurwa ugova mumwe munhu. Kana zviratidzo izvi zvangozadziswa, ita chinhu chipi nechipi chinowanikwa noruoko rwako kuti ruite, nokuti Mwari anewe... Sauro akati achangotendeuka kuti abve pana Samueri, Mwari akashandura mwoyo waSauro, uye zviratidzo zvose izvi zvakazadziswa zuva iroro. Pavasvika kuGibhea, akasangana neboka ravaporofita; Mweya waMwari wakauya pamusoro pake nesimba, uye akabatana navo mukuporofita kwavo. Vose vakange vachimuziva kare vakati vamuona achiporofita pamwe chete navaporofita, vakabvunzana vachiti, "'Chiiko ichi chaitika kumwanakomana waKishi? Sauro ava pakati pavaporofita here?'"* . Mumavhesi ose ataverenga pamusoro hapana zvitinoudzwa zvakarehwa navaporofita ava. Hapanazve zviratidzo zvatinozarurirwa zvakataurwa naMwari kubudikidza neava vaporofita. Uporofita uhwu tingango huti huporofita kuchita [***congregational prophecy]*** . Hwaingoratidza chete huvepo hwaMwari pakati pevamhu vake. Mumwe muenzaniso tinouwana mubhuku yavaKoronike vokutanga musure mokuzodzwa kwaDavidha saMambo. Vazhinji vakange vasati vomutsigira. Nokufamba kwenguva kwakauya marudzi akati-kuti kuzobatana naye kata atumbe guta reJerusarema. Pakati pavo paiva naAmasai mukuru weuto raBenjamini. *"Ipapo Mweya wakauya pana Amasai mukuru waMakumi matatu akati, 'Haiwa Dhavidhi, tiri vako! Haiwa mwanakomana waJesse, tinewe! Kubudirira, kubudirira ngakuve kwauri, uye kubudirira ngakuve kuna vanokubatsira nokuti Mwari achakubatsira"*. Ichi chiporofita chaive chemanzwi okukomborera nokukurudzira. Mhando mbiri dzichiporofita idzi dzinofanira kubatwa zvakanaka. Dzinopindana uye dzichitsigirana asi kana pakave necongregational prophecy nhasi ngatinyatsiziva kuti haitapudzi kana kuwedzera pane zvakanyorwa muRugwaro. [Zvakazarurwa 21:18,19].

Mubvunzo wokugumisira watinofanira kubvunzana ndeunoti, "Ko chiporofita chichiriko here nhasi? Kana chichiriko tinofanira kuchibata sei nhasi mumasangano edu? Uyu mubvunzo uyu wakakosha, nokuti kune vamwe vedu vanoti nyaya yechiporofita yakapera navapositori.. hakusisina. Ko iwe unoti kudii? Ko ini ndinoti kudii? Chinzwaka mudikani, nyaya iripano haisiri yokuti iwe neni tinoti kudii. Nyaya huru iri pano ndeyokuti Bhaibheri Shoko raMwari rinoti kudii. SeveBerea vakange vane tsika yakanaka yokuti vakanzwe shoko "vainzvera Magwaro zuva rimwe nerimwe kuti vaone kana zvairehwa naPauro zvaiva izvo". Muchinyorwa chinotevera ndozvatichaita. Ndinyorerewo tsamba uchindiudza zvaunofunga pamusoro pezvinyorwa izvi zveZvidzidzo ZveBhaibheri. Ndingafara zvikuru kunzwa kubva kwauri. Kusvikira tasanganazve, ini Zivai mwana weShoko ndaenda ini....

SHAIKANO YOKUTYA MWARI

NaZac Poonen

Kutya Jehovha ndiwo mavambo ouchenjeri uye kuziva Iye ndiko kunzwisisa.. [Zvirevo 9:10]. Ichi ndicho chidzidzo *chikuru* chokutanga muchikoro choungwaru. *Kutya Jehovha ndiko kuvenga zvakaipa..* [Zvirevo 8:13], nokuti Mwari pachavo vanovenga zvakaipa. Kana tanzwa kudana kwaMwari kwokuti tive vatsvene sezvo ivo vari mutsvene, uye tigobatikana zvikuru neshoko iri, tichavengawo chivi.

Vatendi vazhinji vanoona zviri nyore kukurira zvimwe zvivi zvakaita sehasha nokuchiva, kana vana vamwe vatendi, nokuti vanonyara kubve chimiro pamberi pavatsvene. Asi kana vari voga vanodzokorora zvivi zvimwe chetezvo. Vanotya mafungiro avanhu pane aMwari.

VaKristu vakadai vanofanira kuchema nokuchema [zvikuru] pamusoro pechivi ichi chokunamata zvisikwa [vanhu] pano [kutya] nokunamata Musiki [Mwari]. [VaRoma 1:25]. Vanofanira kuchema kuna Mwari nemwoyo yavo yose kuti Jehovha vavadzidzise kutya Mwari.

Chivimbiso ndechokuti kuti kana ukasimudza inzwi rako uchichema, nokutsvaga kutya kwaMwari sezvaunoita uchitsvaga sirivha nepfuma yakavanzwa Mwari vachakudzidzisa kutya kwavo. [Zvirevo 2:3-5]. Jehovha anowanikwa chete neavo vanomutsvaga nemwoyo yavo yose. [Jerimiah 29:13]. Avo vanochema nokukundikana kwavo vachanyaradzwa [kusimnbiswa nokubatsirwa] noMunyaradzi mukuru [Mateo 5:4].

[SamaKristu] Tinofanira kuzvidzidzise tsika yokugara [tiri toga] pamberi pouso hwaMwari. Chikonzero nei Mwari vakatipa chinzvimbo chavanzika [ndangariro dzedu] ndechekuti vatiedze nokuona kuti tinovatya here kana bodo. Kana tikangobatikana chete nechiro chedu pamberi pavanhu, ticharasa nokurasika pamifungo yedu. Naizvozvo Jehovha vanopatsanura pakati peavo vanovavarira kukunda kwakazara neavo vanokunda zvokunze [zvapamberi pavanhu] pamusoro pechivi. Kana tikachema pamusoro pezvivi mumafungiro edu sezvatinoita pamberi pavanhu tichapinda mukukunda nokuchimbidzika.

Chikumbiro!!!

Mharidzo Yokuuya Kwake ingafara zvikuru kana ikawana tsamba dzinobva kwamuri imi vaverengi. Ndapota tItumiraiwo tsamba dzenyu muchitiudza kuti murikuzvinzwa sei zvatiri kukupai uye neizvo zvamunotarisira kuti dai zvawedzerwa. Motiudzawoka nhai hama kuti Mwari muri kumushandira sei uye kuti neyewo ari kushandawo sei mumaKereke enyu. Titumireiwo zvikumbiro zveminyengetero. [Ps.133:1,3]. *"Tarirai zvakanaka sei kana hama dzichigara pamwe chete murugare...Nokuti ndipo Jehovha akaraira makomborero ake ihwo upenyu husingaperi."*

Chivi Nekudzikinurwa

Mubayiro wezvivi ndirwo rufu [VaRoma 6:23]. Asi chinhu chinofadza ndechekuti Jesu akaripira chirango chacho pamuchinjikwa; *"namavanga ake takaporeswa"* [Isayo 53:5], Naizvozvo hatichafaniri kuva varanda vechirango chechivi, [VaRoma 6:11-14]; kano tikareurura zvivi zvedu uye tichigamuchira basa redzikinuro rakaitwa naKristu pamuchinjikwa [Mabasa 2:38,39; VaRoma 10:9,10].

Nhanho Dzoruponiso

1. Bvuma kunaMwari kuti uri mutadzi uye kuti wakafanira rufu. *"Nokuti vose vakatadza uye vakasasvika pakubwinya kwaMwari"* [VaRoma 3:23]. *"Nokuti mubayiro wechivi ndirwo rufu"* [VaRoma 6:23].
2. Tendeuka kubva muzvivi, wokumbira ruregerero kubva kuna Mwari. *"Akaipa ngaasiye nzira yake, nomunhu akashata mirangariro yoke...Ngaadzokere kunaJehovha, uye iye achamunzwira ngoni, nokuna Mwari wedu, nokuti achakanganwira"* [Isaya 55:7].
3. Mukutenda *"kuti Kristu akafira zvivi zvedu...kuti akavigwa akomutswa kuvakafo"* [1 Korinde 15:3,4], vimba naKristu soMuponisi wako uye chipupura kuti ndiye mambo woupenyu hwako. *"...Kana ukapupura nomuroma wako kuti Jesu ndiye Ishe uye ukatenda mumwoyo wako kuti Mwari akamumutsa Kubva kuvakafa unchaponeswa"* [VaRoma 10:9].
4. *"Saka zvino, sezvawakagamuchira Kristu Jesu saShe wako, ramba uchifambo maari"* [VaKorose 2:6].